



## Peman sou Entènèt

- PayPAMS se yon pòtal senp, pwoteje, an sekirite pou peye manje ptit ou.
- PayPAMS pèmèt ou fè plan peman otomatik, wè balans ak istwa kont ou, resevwa notifikasyon otomatik sou sitiyasyon balans ou ak plis.
- Enskri nan [PayPams.com](http://PayPams.com) (Yo ka aplike lòt frè anplis).



Vizite paj Entènèt nou an pou plis enfòmasyon:  
[nutrition.dadeschools.net](http://nutrition.dadeschools.net)




## Deklarasyon Pa Gen-Diskriminasyon

The U.S. Department of Agriculture (USDA) (Departman Agrikilti Etazini), entèdi diskriminasyon kont kliyan, anplwaye, e aplikan pou anplwa li sou baz ras, koulè, orjin nasional, laj, andikap, sèks, idantite maskilen/feminen, reliyion, reprezay, e kote li aplikab, kwayans politik, kondisyon marital, kondisyon familyal oubyen parantal, oryantasyon seksyèl, oubyen si tout oubyen yon pati nan revni yon endividé soti nan yon pwogram asistans publik, oubyen enfòmasyon jenetik ki pwoteje nan anplwa oubyen nan nenpòt pwogram oubyen aktivite Depatman an fè oubyen finanse. (Yo pap aplike tout baz entèdiksyon yo nan tout pwogram e/ oubyen aktivite anplwa yo).

Si w vle pote yon plent Dwa Sivil pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòm "USDA Program Discrimination Complaint" (Plent Diskriminasyon USDA) w ap jwenn sou Entènèt nan [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), oubyen nan nenpòt biwo USDA, oubyen telefono (866) 632-9992 pou mande fòm nan. Ou ka ekri tou yon lèt ki gen tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan. Voye fòm plent ou ranpli a oubyen lèt pa lapòs nan U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, pa faks (202) 690-7442 oubyen lèt elektronik nan [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Moun ki soud, ki pa tande byen oubyen ki gen andikap pou pale kab kontakte USDA atravè Sèvis Transmisyon Federal nan (800) 877-8339; oubyen (800) 845-6136 (ann Espayòl).

USDA se yon founisè ak anplwayè ki bay tout moun opònite egal.



Lekòl Leta Miami-Dade County  
Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis-Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Madan Susie V. Castillo  
Mesye Carlos L. Curbelo  
Doktè Wilbert "Tee" Holloway

Doktè Martin Karp  
Doktè Marta Pérez  
Madan Raquel A. Regalado

Konseye Elèv  
Mesye Julian Lafaurie  
Sipèéntandan Lekòl yo  
Mesye Alberto M. Carvalho

## Lekòl Leta Miami-Dade County Depatman Manje ak Nitrisyon 2014-2015



Abitid manje ki bon pou sante pwomote gwo pèfòmans. Nou envite tout elèv pou mete enèji nan jounen yo nan chwazi dejene ak repa midi nan lekòl yo.

[nutrition.dadeschools.net](http://nutrition.dadeschools.net)

## Chwazi Dejene ak Repa Midi nan Lekòl

- Depatman Manje ak Nitrisyon sèvi repa ki bon pou sante chak jou, yo planifye pou elèv nou yo amize yo e kontribye a sante e akonplisman yo.
- Dejene GRATIS disponib pou tout elèv nan tout lekòl chak jou.
- Yon ofri yon varyete chwa meni ki fre e ki bon pou sante chak jou pou dejene ak repa midi.
- Elèv yo dwe seleksyone swa yon pòsyon fwui oubyen vejetab pou chak repa.
- Meni Lekòl yo disponib nan [nutrition.dadeschools.net/menu.asp](http://nutrition.dadeschools.net/menu.asp)

### Pri Repa Midi Elèv

	DEJENE	REPA MIDI
ELEMANTÈ	San peye	\$2.25
SEGONDÈ	San peye	\$2.50

Pri redui repa midi se \$0.40 nan tout nivo ane eskolè.

## Kòman pou Aplike pou Benefis Repa Midi Gratis oubyen nan Pri Redui

**Èske w konnen ptit ou ka kalifye pou repa midi gratis oubyen na pri redui?**

- Aplike sou Entènèt nan [nutrition.dadeschools.net](http://nutrition.dadeschools.net)
- Aplike sou Entènèt rapid e fasil. Ou ka menm ranpli aplikasyon an nan “smart phone” ou.
- Oubyen mande yon fòm aplikasyon an papye nan lekòl ptit ou a.
- Pou plis enfòmasyon oubyen asistans pou aplike pou repa midi gratis oubyen nan pri redui, telefone, (786) 275-0400 eks. 5000.
- Si ptit ou a(yo) te elijib pou repa midi gratis oubyen nan pri redui ane lekòl pase, elijibilite a ap valab jiska 19 septanm 2014 oubyen jiskaske yo apwouve nouvo aplikasyon an.
- Fanmi yo ka aplike pou benefis repa midi nenpòt lè pandan ane lekòl la.

[nutrition.dadeschools.net](http://nutrition.dadeschools.net)

**Eating Healthy Every Day!**



## Gid Federal sou Elijbilité Revni

Echèle Elijbilité Gouvènman Etazini sou  
Pri Redui Repa Midi

Kantite Moun ki nan Kay la	Anyèl	Mansyèl	De Fwa pa Mwa	Chak De Semèn	Pa Semèn
1	21,590	1,800	900	831	416
2	29,101	2,426	1,213	1,120	560
3	36,612	3,051	1,526	1,409	705
4	44,123	3,677	1,839	1,698	849
5	51,634	4,303	2,152	1,986	993
6	59,145	4,929	2,465	2,275	1,138
7	66,656	5,555	2,778	2,564	1,282
8	74,167	6,181	3,091	2,853	1,427
Pou chak manm fanmi ajoute...					
	7,511	626	313	289	145

Eskane Avèk aplikasyon “QR reader” oubyen ale nan:  
[freeandreducedmealapp.dadeschools.net](http://freeandreducedmealapp.dadeschools.net)

